

# SEKIRITE ANVAN TANPÈT LA

JWENN PLIS ENFÒMASYON: [weather.gov/wrn/hurricane-preparedness](http://weather.gov/wrn/hurricane-preparedness)

## SI W OBLIJE EVAKYE

**Gen yon plan** anplas pou evakyasyon. Konnen kikote chèltè evakyasyon piblik ki pi pre w la ye.

**Chèltè bezwen espesyal yo** se pou moun ki gen andikap oswa ki bezwen swen medikal ki plis pase premye swen debaz. Konnen kikote chèltè bezwen espesyal ki pi pre w la ye.

**Mache ak rad anplis:** rad pou lapli, atik twalèt, sak pou dòmi, dra, zòrye, liv ak nenpòt bezwen alimantè espesyal.




### Èske w gen yon bèt kay?

Asire w chèltè ou an aksepte yo. Pare yon kòd bèt ak kolye, de semèn manje ak dlo, bòl, yon kaj ak medikaman, ansanm ak dosye veterinè. Pou chat, sab pou chat fè bezwen ak yon veso ki apwopriye.

**Plen tank machin ou ak gaz** sito sa posib. Blakawout ap anpeche ponp gaz yo fonksyone.

**Chaje telefòn selilè ou** ak nenpòt lòt aparèy elektwonik ou gendwa bezwen.

**Mete enpe lajan kach** ak papye enpòtan, tankou kontra asirans, nan yon katab oswa veso watèpouf.




### LIS ✓ EVAKYASYON

- Adrès chèltè
- Adrès chèltè pou bezwen espesyal
- Rad anplis
- Rad pou lapli
- Atik pou twalèt
- Sak pou dòmi, dra, zòrye
- Liv oswa lòt materyèl lekti
- Bezwen alimantè espesyal
- Atik ak medikaman pou bèt kay
- Machin plen ak gaz
- Telefòn selilè chaje
- Lajan kach ak papye enpòtan

## SANTE PÈSONÈL

Yon twous premye swen konfòm-dapre-ANSI ki gen ladan:



Fè yon rezèv pou 30 jou nan nenpòt **medikaman preskripsyon** oumenm oswa fanmi w oblije pran chak jou.

**Prepare yon lis** ki gen non doktè fanmi w ak enfòmasyon pou kontakte yo.

Mete tou yon **lis pwoblèm medikal pèsonèl** fpou manm fanmi ki konsènen yo pou sizoka gen ijans.

**Pou bèt kay** ki oblije pran medikaman byen presi, gen sou lamèn yon rezèv pou 30 jou.



### LIS ✓ SANTE PÈSONÈL


- Twous Premye Swen (sètifye ANSI)
- Rezèv medikaman pou 30 jou
- Enfòmasyon pou kontakte doktè
- Lis pwoblèm medikal yo
- Medikaman pou bèt kay

## PLANIFIKASYON POU LAKAY

**Boutèy dlo**, endispansab pou bwè, pou kwit manje, bwose dan, elatriye. Ou bezwen 1 galon omwen pa jou pou chak moun.

**Rezèv manje nan bwat\*** oswa manje ki tou pare pou manje tankou manba. Kenbe toupre w yon ouv-bwat alamen pou louvri bwat.

\*Tcheke dat ekspirasyon yo epi sèvi ak pi ansyen yo anvan, si sa nesèsè.



**Pou tibebe**, fè yon rezèv fòmil pou tibebe ki tou pare pou bay manje, bibwon ak tetin ki sterilize. Ou dwe kontinye bay tete.

**Pou bèt kay yo**, asire ou gen ase manje ak dlo sou lamèn, yon kòd pou bèt, jwèt pou moulèn, bòl, elatriye.

**Yon radyo ki mache ak pil oswa ki gen manivèl** pou w ka rete okouran si gen wout ki fèmen, inondasyon apre tanpèt ak evakyasyon obligatwa.

Jwenn yon **telefòn selilè ki chaje nèt** ak lòt aparèy elektwonik ou gendwa bezwen.

**Flach oswa lanp ki mache ak pil** (youn pou chak manm fanmi) plis pil anplis pou chak moun.

Ou dwe mete **bouji yo** nan sipò ki san danje, lwen rido yo, papye ak nenpòt lòt bagay ki ka pran dife.

### Ou pa dwe janm itilize yon dèlko ki mache ak gaz

andedan kay la, nan yon garaj, nan yon distans ki mwens ke 20 pye ak fenèt oswa èkondisyone fenèt.

Pou anpeche anpwazonnman ak monoksid kabòn (CO), ou dwe enstale yon **alam monoksid kabòn (CO)** ki mache ak pil.

**Lòt atik ou pral bezwen:** Ekstenktè, tep adezif solid (duct tape), sache fatra an plastik, sizo ak gan trè rezistan.



**Kouvri po ou:** Mete pantalon long ki lejè ak chemiz manch long epi itilize pwodui pou pouse ensèk ki gen DEET, picaridin oswa lwil ekaliptris sitwon. Flite moustik pa sennesòf pou timoun ki poko gen 2 mwa, sèvi ak yon moustikè pou pwoteje yo.

**Tcheke epi repara** nenpòt ekran griyaj ki chire oswa pete nan fenèt, pòt, galri, ak patyo yo.

**Devide pisin an plastik yo** epi vire tèt anba nenpòt bagay ki ka ranmase dlo ki chita.



### LIS POU ✓ LAKAY

- Boutèy dlo
- Manje nan bwat, ki p ap gate
- Kle alamen pou louvri bwat
- Fòmil pou tibebe ki tou pare pou bay bwè
- Bibwon ak tetin ki sterilize
- Manje ak dlo pou bèt kay
- Kòd pou pwomnen bèt, jwèt pou moulèn, bòl, elatriye.
- Radyo meteyo ki mache ak pil oswa ki gen manivèl
- Bouji, sipò san danje pou bouji, alimèt
- Dèlko ki mache ak gaz
- Flach ki mache ak pil
- Lanp ki mache ak pil
- Alam monoksid kabòn CO enstale
- Ekstenktè
- Tep adezif solid (duct tape)
- Sache fatra an plastik
- Sizo
- Gan trè rezistan
- Pantalon long, chemiz manch long, elatriye.
- Pwodui pou pouse ensèk
- Repare ekran griyaj ki chire ak pete
- Devide pisin an plastik yo